

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis patali jeung struktur intrinsik, tanda sémiotik, jeung ajén-inajén sosial politik dina carita pondok mangsa réformasi sakumaha dipedar dina bab IV, bisa dicindekkeun sawatara hal sakumaha ieu di handap.

a. Tina jihat struktur intrinsik nu ngawengku téma, palaku, jeung kasang tukang, bisa dicindekkeun:

- 1) Sacara umum, téma museur dina pasualan sosial jeung politik. Nu dipasualkeun pangpangna sabudeureun parobahan sistem politik di Indonésia nu mangaruhan kana robahna sistem sosial jeung sabudeureunana. Minangka institusi sosial nu ngagunakeun basa, sastra sering boga hubungan jeung institusi sosial nu tangtu. Minangka dokumen sosial sastra digunakeun keur ngadadarkeun ihtisar sajarah sosial. Ku hal eta, munasabah lamun sastra jadi rawayan asupna ideologi-ideologi anu tangtu, boh anu nembrak (eksplisit) boh bari nyumput (implisit). Suasana bangsa Indonésia mimiti taun 1998 tepi ka kiwari (sabada kajadian runtagna kakawasaan ordeu anyar; réformasi) némbongkeun gairah nu luhur. Dina ieu périodeu, bangsa Indonésia narékahan pikeun ngawujudkeun harepan jeung cita-citana salaku hiji nagara démokratis, ngaliwatan parobahan nu samakta dina unggal sistem kahirupan politikna. Dina mangsa-mangsa awal réformasi, persaingan

antara partéy politik ngaliwatan sistem parleméntér terbuka nyababkeun suasana jadi labil. Pamaréntahan lumangsung kalawan teu nyugemakeun, nu balukarna ngalaman parobahan-parobahan éléméntér tepi ka ahirna dianggap ngaliwatan sistem *bikameral* nu nguatkeun peran DPR jeung DPD salaku lembaga kontrol pamaréntah. Pon kitu deui sawatara béda sawangan ti unggal warganagara, ngalahirkeun situasi nu dinamis jeung terbuka. Dina ieu mangsa ogé kabébasan nepikeun informasi jeung sawangan téh dimangpaatkeun salega-legana. Salian ti parobahan sistem politikna sorangan, unggal parobahan nu lumangsung téh mawa pangaruh kana sistem sosial nu milu robah. parobahan masarakat (sosial) téh patali jeung ajén-inajén, norma-norma, pola-pola prilaku organisasi, susunan lembaga kamasarakatan, lapisan masarakat, kakawasaan jeung wewenang, interaksi sosial, jsté. Pon kitu deui, parobahan sosial téh pakait jeung parobahan unsur-unsur kabudayaan, boh nu sifatna matérial boh nu immaterial.

- 2) Palaku dina sapuluh carita pondok nu dijadikeun korpus data panalungtikan ngawengku palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utama aya nu disebutkeun ngaranna saperti dina carita pondok-carita pondok “Nu Luis”, “Razia”, “Cara Meunang”, “BLT”, jeung “Lain Obrolan nu Sasari”. Aya deuih nu ukur maké istilah “kuring” saperti dina carita pondok-carita pondok “Suratna Geus Katarima”, “Nu Arindit Wanci Janari”, “Dar Dér Dor”, “Isukan Jadi Anggota Déwan”, jeung “Bandéra Luhureun Méga”. Palaku utama nu disebutkeun ngaranna

nyaéta Abuy (“Nu Luis”), Bu Ayi (“Razia”), Jang Narmi (“Cara Meunang”), Nini Ucih (“BLT”), jeung Tarmini (“Lain Obrolan nu Sasari”). Ari palaku tambahan di antarana nyaéta: Pa haji Sapé’i, Satpam, Kang Didin, Kang Aép, nu meuli dagangan Abuy, Mang Ulis, kang kandi, Kang Rahmat, Pa Salim, pamajikan Kang Rahmat, Alvi, Iman, Sandi, Wanwan, Misbahul, Wita, Wiwit, Pa Asép, pulisi, Dédéh, awéwé nu arindit ka pasar wanci janari, Cépi, Enci, Nyi Emar, Anisa, lalaki salingkuhan Anisa, jalma kahiji, anggota tim, Bi rahmi, tukang kartu nama, Jang Udi, Pa Lurah, RT Ondi, Mang Hansip, Suhadi, bapana Sukarya, barudak, Si Tiam, Si Oji, babaturan Si Oji, Férry, Sudin, barudak ngora saabrulan, Pa Dédén, Tika, Réndy, Titin, jeung Iwa.

- 3) Anu jadi kasang tukang waktu dina sapuluh carita pondok anu dijadikeun sampel ieu panalungtikan, bisa dipastikeun aya dina jaman sabada gelarna réformasi, kurang leuwih ti taun 1998 ka béh dieu. Salian ti tina caritana, éta hal ogé katitén tina titimangsa dijieunna éta carita. Carita pondok “Cara Meunang”, “BLT”, “Isukan Jadi Anggota Déwan”, “Bandéra Luhureun Méga”, jeung “Lain Obrolan nu Sasari” mah leuwih écés kasang tukang waktu dina pajaman réformasina, sabab dipedalkeun dina édisi husus *Cupumanik* nu ngamuat carita pondok-carita pondok nu témana ngeunaan réformasi. Salian ti kasang tukang waktu nu patali jeung pajamanan, katitén ogé latar nu patali jeung *pemarkah* waktu jam jeung poé. Dumasar éta pemarkah, waktu-waktu nu katitén dina carita pondok nu dianalisis ngawengku isuk-isuk, beurang, pasosoré, peuting, jeung

janari. Ari kasang tukang tempat nu nyampak di antarana kota, lembur, komplék pamukiman, hotél, réstoran, jeung sawah. Éta tempat téh teu disebutkeun atawa teu katitén di wewengkon mana-manana. Aya deuih disabit-sabit wewengkon Singaparna, Tasikmalaya. Tapi éta tempat teu patali langsung jeung carita.

- b. Tina jihat interprétasi tanda indéks bisa ditétélakeun yén nu jadi pananda utama (*prime signifier*) téh nyaéta palaku-palaku carita. Aya nu kalungguhanana salaku palaku utama, aya deuih nu nyicingan kalungguhan salaku palaku tambahan. Pikeun palaku tambahan, kalungguhanana salaku pananda utama téh réhna jadi panghubung puseur carita nu dicaritakeun ku palaku utama. Samalah carita jeung konflik saéstuna museur dina diri palaku tambahan, ari palaku utama mah ukur nyaritakeun. Tanda indéks nu kapaluruh di antarana oposisi binér ra'yat biasa jeung ra'yat nu dianggap leuwih luhur, jeung indéks ngaran palaku.

- 1) Tina pedaran téma jeung kasang tukang geus kagambar kumaha kondisi sosial politik masarakat di Tatar Sunda dina mangsa réformasi. Éta hal téh patali jeung kondisi masarakat sacara idéal jeung kanyataan nu disanghareupan. Antara kondisi idéal jeung kanyataan téh ngawangun oposisi binér dua lapisan masarakat nu hayang ditémbongkeun ku pangarang, nyaéta masarakat biasa (ra'yat) jeung masarakat nu nyicingan kalungguhan leuwih luhur (pamingpin) nu bisa dititénan tina pakasababana, gaya hirupna, jeung cara mikirna.

- 2) Indéks ngaran palaku diinterpretasikeun tina sajumlah ngaran palaku utama. Tina sapuluh carita pondok nu dianalisis, palaku utama nu ditétélakeun langsung ku ngaran ngawengku Abuy, Kang Kandi, Wita, Jang Narmi, Nini Ucih, jeung Tarmini. Salian ti nu disebutkeun ngaranna, palaku utama lianna mah ukur disebutkeun salaku “Kuring”. Ngaran-ngaran Abuy, Kang Kandi, Jang Narmi, Nini Ucih, jeung Tarmini némbongkeun ngaran nu biasa dipaké ku urang Sunda nu asalna tina golongan biasa. Salian ti némbongkeun golongan biasa, ngaran-ngaran nu ditatan di luhur némbongkeun ciri tradisional. Ngaran-ngaran palaku nu némbongkeun ciri tradisional téh bisa jadi ngagambarkeun kakangen ka pajamanan saméméh réformasi nu dianggap leuwih normal. Normalna jaman saméméh réformasi bisa ditilik atawa dianggap tina kahirupan sapopoé nu leuwih tingtrim, harga pangabutuh sapopoé kaitung murah, jeung salian ti éta.
- c. Ajén-inajén sosial politik masarakat Sunda dina ieu panalungtikan téh patali jeung dua hal: manusa jeung masarakatna, katut sistem tatanagara. Patalina manusa salaku pribadi jeung masarakatna dipangaruhan ku interaksi sosial. Parobahan sistem katatanagaraan dina jaman réformasi museur dina pasualan démokrasi. Diménsi kasataran patali jeung pasualan partisipasi atawa kalibetna rahayat dina kagiatan-kagiatan politik, boh sacara démokrastis boh totalitér. Dina ieu diménsi, pelaksanaan hukum kudu sacara universal, nu ngabalukarkeun unggal anggota masarakat salawasna kudu taat hukum nu sarua. Éta diménsi raket patalina jeung préstasi pamaréntah salaku nu

nyangking wewenang resmi, pangpangna dina pasualan prak-prakan ngawangun politik jeung pamaréntahan, éféktifitas jeung éfisiénsi dina prak-prakan ngalaksanakeun kawijakan umum, sarta rasionalitas dina administrasi jeung oriéntasi kawijakan. Sedengkeun diménsi pangbéda, némbongkeun ayana lembaga-lembaga pamaréntahan jeung struktur katut fungsina sewing-séwangan dina hiji sistem politik. Kaliwatan diménsi pangbéda, aya konsépsi husus jeung spésialisasi fungsi tina sawatara peran politik. Salian ti éta, diménsi pangbéda ngalibetkeun ogé pasualan integrasi prosés-prosés jeung struktur-struktur nu rumit.

## 5.2 Saran

Sacara métodologis, ieu panalungtikan didadarkeun kana sumber data nu kawatesanan. Carita pondok nu gelar dina jaman réformasi téh saéstuna kawilang réa pisan, ngan baé dina ieu panalungtikan mah data nu dikumpulkeun tur dianalisis téh kawatesanan. Sangkan hasil panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan leuwih jembar, kawilang hadé saupama data nu digunakeun téh leuwih réa jumlahna. Hadé ogé saupama dibandingkeun jeung karya-karya fiksi lianna.

Ditilik tina ambahan ulikanana, ieu panalungtikan saukur nalungtik carita pondok patali jeung struktur intrinsik katut tanda semiotikna. Pikeun panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan, hadéna ambahan ulikanana dilegaan tina jihat struktur éktrinsik, psikologi sastra jsté.

Nalungtik ajén-inajén nu nyampak dina carita pondok tétéla teu cukup ukur dibekelan ku pangaweruh paélmuan sastra. Karya sastra raket patalina jeung widang-widang paélmuan lianna saluareun paélmuan sastra. Ku éta hal, penting pisan panalungtik nu aya minat ngulik perkara ajén-inajén nu nyampak dina carita pondok jeung karya sastra lianna, mekelan dirina ku pangaweruh-pangaweruh dina widang paélmuan sosiologi, antropologi, psikologi, pédagogik, komunikasi, jeung sains.